

Nap ede ou pran swen tèt ou

Gwoup ki rele Women's Health Network lan ofri sèvis sa yo:

- Enfòmasyon sou sante tete ak matris
- Ekzamen tete nan klinik
- Mamogram
- Ekzamen papa nikola ak egzamen pèlvis
- Lòt evalyasyon ak lòt tès

Ou kapab kalifye pou pwogram sa a si:

- Ou fè limit lajan pou fè a, epi
- Ou pa genyen asirans medikal osnon
- Asirans medikal ou an pa kouvri sèvis sa yo, epi
- Ou gen 40 a 64 an daj, osnon
- Ou genyen 18 a 39 an daj epi ou pa janm fè tès papa nikola oswa ou gen 5 an ou pa fè tès papa nikola.

Sa fanm di de gwoup ki rele Women's Health Network lan:



"Pwogram sa a pa janm soti nan bouch mwen.

Mwen gen anpil

rekonesans ke pwogram sa a

te ede mwen. Si se pa te pwogram

Women's Health Network ki te fè mamogram bonè pou mwen, mwen

pa tap konnen ke mwen te fè kansè. Mwen espere ke tout moun fè tès mamogram."

-Kliyan, WOMEN'S HEALTH NETWORK

Pa Bliye:

Konnen si ou gen kansè nan tete kapab ede sove laviou.

Pran yon ti tan pou w rele defason pou ou kapab konnen si ou kalifye pou sèvis sante gratis pou tete ou ak matris ou. Rele nimewo gratis lan jodiya pou plis enfòmasyon: 1-877-414-4447



Se Depatman Sante Piblik Massachusetts ki patwone gwoup Women's Health Network lan ak lajan depatman pou kontwole maladi nan Etazini ak kò lejislatif Massachusetts te ba yo.

Se Fondasyon medikal nan Depatman Massachusett pou pwomosyon lasante ki te prepare sa a (1er jen)

www.maclearinghouse.com

HAITIAN



Sa Oumenm ta dwe konnen sou Kansè nan Tete

Si se yon fi ou ye epi laj ap rantre sou ou, li plis fasil pou ou genyen kansè nan tete ou.

Se kansè nan tete ke fi plis genyen. Se dezyèm bagay ki lakòz lanmò nan fi ki gen 40 a 50 an daj. Si yo dekouvri li bonè ase, li ka trete.

Èske mwen kapab genyen kansè nan tete fasil?

Tou depann de laj ou avè istwa fanmi ou, ou kapab konnen si li fasil pou ta genyen kansè nan tete. Moun ki pa an danje toujou kapab genyen kansè nan tete apre règ fini pou yo.

Ki sa mwen kapab fè pou m anpeche kansè nan tete?

Koulye a nou pa konnen kouman pou n anpeche kansè nan tete. Men, nou konnen ke si nou dekouvri sa bonè sa kapab sove lavi ou. Li ta bon pou ou ta fè yon ekzamen tete nan klinik chak ane. Si ou genyen plis ke 40 an daj, fè yon mamogram chak ane osnon nonm de fwa doktè ou mande pou fè tès sa a.

Kouman pou m fè ekzamen tete mwen pou kont mwen?


Doktè ou kapab montre ou kouman pou tcheke tete ou. Lè ou tcheke tete ou chak mwa, wap wè si gen nenpòt chanjman. Pou fi ki gen plis ke 20 an daj, li pi bon si yo fè sa chak mwa pou ou ekzamen an. Si ou wè nenpòt chanjman, pran kontak ak doktè ou.

Se ki sa yon ekzamen tete ki fèt nan klinik ye?

Yon doktè ta dwe fè ekzamen tete ou pou wè si yo gen nenpòt boul nan yo oswa nenpòt chanjman ki ta kapab yon siy de yon pwoblèm. Li enpòtan pou fè yon ekzamen nan klinik chak ane si ou gen plis ke 20 an daj. Yon ekzamen tete ou nan klinik kapab dekouvri yon pwoblèm ke yon mamogram pa montre.

Ki sa yon mamogram ye?

Yon mamogram se yon radyografi tete ou ki montre chanjman oswa lòt pwoblèm ki ka twò piti pou oumenm oswa doktè ou ta santi nan yon ekzamen tete. Sa se yon trè bon fason pou dekouvri pwoblèm bonè. Si yo detekte kansè nan kòl matris lan bonè ase, li kapab trete. Yo ka anpeche kansè.



Kilè e ki kote pou m ta resevwa yon mamogram?

Sosyete amerikèn pou kansè mande pou w ta fè premye mamogram distans pou 40 an. Apre 40 an daj, ou ta dwe fè youn chak ane. Doktè ou kapab di ou ki kote ou kapab al fè yon mamogram nan zòn kote ou rete. Konsatou ou kapab rele nimewo gratis lan, se 1-877-414-4447 pou yon lis tout kote ki gen lisans pou fè tès mamogram nan eta isit.

E si m pa gen onkenn asirans medikal oswa asirans mwen an pa vle peye pou yon mamogram?

Gwoup Women's Health Network lan fè tès gratis pou kansè nan tete pou fi nan Massachusetts. Nan tès gratis sa a, genyen ekzamen tete nan klinik ak mamogram.

Kouman pou m fè pou m kalifye pou gwoup Women's Health Network lan?

Ou kapab kalifye pou sèvis si ou genyen ant 40 a 64 an daj oswa plis, si ou fè limit lajan pou fè an epi si ou pa gen asirans medikal oswa si asirans medikal ou an pa kouvri sèvis sa yo.

Rele nimewo gratis lan, se 1-877-414-4447 pou plis enfòmasyon oswa pou jwenn yon gwouplokal Women's Health Network bò kote ou lan.